

Christopher Groll
Chief Executive Officer,
Office of School Health
Tweed Courthouse
52 Chambers Street
New York, NY 10007

15 mas 2022

Chè fanmi,

Kòm ou ka konnen, tout Nouyòkè ki gen laj 5 ane pou rive 11 ane ka resevwa kounye a yon vaksen Pedyatri Pfizer COVID-19. Sa se yon trè bon nouvèl pou sante ak sekirite pitit ou, fanmi ou, kominote lekòl ou a, ak tout vil la.

Nan patnèchip avèk Depatman sante Vil Nouyòk ak NYC Health + Hospitals/ NYC Test & Trace Corps, kèk lokal lekòl – ki gen ladan pa pitit ou a – ap ofri vaksen kounye a pou rann li pi fasil posib pou rete ansante. Tanpri gade orè ki vin avèk lèt sa a pou konnen lè vaksen an pral disponib nan lekòl pitit ou a. Tanpri sonje opòtinite vaksen sa a se sèlman pou timoun ki laj 5 rive 11 ane. Yo pap pran pasyan ki poko gen laj 5 ane oswa ki gen plis pase laj 11 ane.

Fè pitit ou a pran vaksen an pa gen danje, li konfidansyèl ak fasil. Men sa ou bezwen konnen:

- Ou **pa** bezwen bay prèv kondisyon imigrasyon ni yon nimewo sekirite sosyal pou pran vaksen an. Idantifikasyon sèlman obligatwa pou prouve laj timoun lan.
- Ou **pa** bezwen asirans sante pou pran vaksen an.
- Yon paran oswa responsab dwe akonpaye elèv ki gen laj 5 ane rive 11 ane, oswa yon lòt adilt k ap bay swen ki reprezante paran an oswa responsab la dwe akonpaye yo. Yo dwe bay konsantman.
- Yo kenbe tout dosye ak enfòmasyon ki asosye avèk vaksinasyon yo estrikteman konfidansyèl.
- Se pwofesyonèl medikal ki resevwa fòmasyon ki bay vaksen yo.
- Entèpretasyon nan telefòn nan plizyè lang ap disponib sou plas.

Tout lokal yo ap ka bay ni premye ni dezyèm dòz vaksen Pedyatri Pfizer a. Menmsi lokal sa yo ap bay vaksen estrikteman pou timoun ki gen laj 5 ane rive 11 ane, y ap kapab fè tès pou tout pasyan depi laj 4 ane ak pi wo. Tès PCR (rezilta nan ~48 èdtan) ak tès antijèn (rezilta nan ~30 minit) pral disponib pou piblik la.

Byenke nou rekòmande sa anpil, vaksinasyon pa obligatwa. Sepandan, vaksinasyon nan tout vil la deja redui pousantaj ka pozitif COVID-19 yon fason dramatik, sa ki ede vil la rekòmanse fonksyone, retabli rasanbleman anpèsòn, ak ofri yon avni miyò.

Si w gen nenpòt kesyon, ale nan nyc.gov/covidvaccine pou wè tout fè yo. Nou espere w pral fè pitit ou a pran vaksen an nan yon ti tan.

Avèk senserite,



Christopher Groll
Direktè egzekitif anchèf